

Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TRANSFÒMASYON BÒ RIVAJ DLO AK PAK ETA
ROBERTO CLEMENTE A K AP KOUTE PRÈSKE 100 MILYON DOLA**

Li Anonse tou 44 Milyon Dola pou Sipòte Pwogram Travay Ete pou Jèn yo

*Finisman Bò Rivaj yo Rekonsevwa, Renovasyon yo fè nan Plaza Siperyè a ak
Nouvo Tèren Espòtif la Kouwone Renouvèlman Global k ap fèt nan
Premye Pak Eta Vil New York la*

*Travay la ap Konstwi Rezistans epi Amelyore Pwoteksyon kont Inondasyon Olon
Riviyè Harlem lan*

Gade foto transfòmasyon yo [la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse y ap devwale bò rivaj ak pòtay ke yo te rekonsevwa nan Pak Eta Roberto Clemente a (Roberto Clemente State Park) avèk nouvo tèren yon fenk konstwi yo, sa k ap kouwone amelyorasyon k ap koute prèske 100 milyon dola k ap fèt nan enfrastrikti pak la ki gen prèske 50 tan depi 2011 pou rann pak la pi rezistan, pi akeyan, epi amelyore pwogramasyon pou jèn yo. Anplis de sa, Gouvènè a te anonse 44 milyon dola pou sipòte Pwogram Travay Ete pou Jèn (Summer Youth Employment Program) Eta New York la ane sa pou ofri fòmasyon presye pou jèn ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo.

"Sa se pa sèlman yon pak, se yon senbòl li ye pou nouvo Bronx. Pandan anpil ane te gen pwogrè ki te fèt men yo te kite Bronx dèyè. Pa kounye a ankò", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou wè gen deplizanpli plis moun k ap demenaje vin nan Bronx epi jodi a Bronx ap resevwa pi bon etablisman natirèl pou lwazi ke eta sa a te renove depi lè nou te pran pouvwa. Se sèl pi gran investisman nou te fè nan nenpòt pak, epi li te fè pak sa vin tounen yon etablisman modèn depwent ke nouvo Bronx merite. Epi se yon omaj pisan y ap rann yon atlèt fenomenal ak yon jwè balon ak yon imanité mayifik."

"Amelyorasyon k ap fèt nan Pak Eta Roberto Clemente a - ki se premye pak eta nan Vil New York - pral amelyore rezistans epi amelyore eksperyans vizitè pandan anpil jenerasyon k ap vini ankò", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nouvo enstalasyon yo ak karakteristik enfrastrikti ekolojik yo ap ede ranvèse anpil deseni neglijans epi asire yon avni ki pi briyan nan Bronx. Transfòmasyon nou ap fè nan pak sa a pa sèlman konsène nouvo pye bwa, tèren, ak santye - se yon investisman odasye ki vize amelyore kalite lavi pou rezidan yo ansanm ak vizitè yo. Anplis de sa, finansman pou sipòte travay pou jèn yo pral ede jèn yo devlope konpetans pou yo gen yon avni byen reyisi."

Nan prentan sa a, biwo Pak Eta New York yo (New York State Parks) te fini ak ouvri twa gran eleman nan kad transfòmasyon pak la. Pwojè a kreye yon kote revitalize pou 1.3 milyon vizitè pak Bronx lan yo, agrandi opòtinite pou pwogram jèn yo, epi rann pak la ak katye ki ozalantou l yo pi rezistan kont inondasyon Rivyè Harlem lan, ki gen ladan:

- Yon konsepsyon ki koute prèske 46 milyon dola k ap fèt nan bò rivaj dlo a pou yo ofri yon anviwònman pak ki pi akeyan pandan l ap amelyore pwoteksyon kont inondasyon, rezistans pou siklòn ak enfrastrikti ekolojik. Yo te ranplase klwazon ak esplanad an asye ki mezire 2,200 pye nan longè avèk yon konsepsyon ki pi rezistan pou yo reponn a kowozyon sevè yo te dekouvri ki genyen aprè pasaj Sipè Tanpèt Sandy a. Esplanad la ak plaza enferyè yo te renouvle a gen yon santye pou pyeton pataje ak bekàn, ki bay sou rivyè a, nouvo ranp anbakeman pou bato, nouvo espas espektak pou pèfòmans, nouvo plant ak yon zòn entè-mare panoramik ki mezire 9,000 pye kare. Espas entè-mare sa a ofri yon abita natirèl pou lavi plant ak bèt vivan yo, absòbe dlo lapli lè gen anpil lapli, epi kreye nouvo opòtinite pou edikasyon anviwònmantal. Amelyorasyon y ap fè nan riv nò a gen ladan yon bèj an wòch natirèl ak nouvo kloti pou ouvri panorama rivyè a.
- Y ap fè yon reyabilitasyon k ap koute 7 milyon dola nan pòtay plaza siperyè pak la ki gen ladan: ranplase sipò estrikti ak platfòm an asye li a, rekonstwi eskalye ki kraze a nan nivo anba, ouvri espas pou ofri plis panorama nan pak la, amelyore peyizaj epi deplase gwo estati an bwonz Roberto Clemente a pou mete l yon kote ki pi notab nan antre park la.
- 8.6 milyon dola pou enstale de tèren gazon sentetik - yon tèren polivalan ak yon tèren T-Ball - ansanm ak yon renovasyon tèren gazon natirèl pak la. Nouvo tèren sentetik yo, ke yo te fini prentan sa a, pral pèmèt pak la agrandi pwogramasyon bezbòl ak sòfbòl pou jèn yo bay 1,500 jèn chak ane atravè patenarya yo genyen avèk Fondasyon Devlopman Jèn MLB-MLBPA a (MLB-MLBPA Youth Development Foundation) (yon inisyativ konjwen ant Lig Nasyonal Bezbòl la (Major League Baseball, MLB) ak Asosyasyon Jwè Lig Nasyonal Bezbòl la (Major League Baseball Players Association, MLBPA)) ak DREAM ansanm ak lòt pwogram espòtif pou jèn yo. Nouvo tèren yo ak pwogramasyon ki asosye yo pral fè pati rezo Akademi Jenès MLB a (MLB Youth Academy) ki gen etablisman nan plizyè kote nan Etazini (Compton, CA; Houston, TX; New Orleans, LA; Cincinnati, OH; Washington, DC; Philadelphia, PA; Dallas, TX; Kansas City, MO; Gurabo, PR).

Yo te finanse pwojè a atravè yon prim Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè - Retablisman Aprè Katastwòf (Community Development Block Grant - Disaster Recovery) nan men Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (U.S. Department of Housing and Urban Development), finansman nan kad inisyativ NY Parks 2020 Gouvènè Cuomo a, ak sibvansyon nan men Prezidan Minisipalite Bronx lan, President Ruben Diaz Jr., Manm Konsèy Minisipalite Vil New York Vanessa Gibson, Senatè Eta a José Serrano ak Manm Asanble Latoya Joyner. Lig Nasyonal Bezbòl ak Asosyasyon

Jwè Lig Nasyonal Bezbòl la, ak Alex Rodriguez te bay finansman adisyonèl pou nouvo tèren espòtif la.

Amelyorasyon pak yo reflekte angajman Gouvènè Cuomo pran pou l revitalize sistèm pak eta a yo. Gouvènè a te dirije prèske 100 milyon dola nan pwojè yo te konplete nan pak la - ki se pi gran envestisman yo te fè nan sistèm pak la - ki gen ladan yon renovasyon ki koute 30 milyon dola yo te fè resaman nan pisin ak enstalasyon akwatik pak la ak konstriksyon yon lakou rekreyasyon destinasyon ki koute 4.5 milyon dola. Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a se yon angajman sou plizyè ane li pran pou li invest nan amelyorasyon pak yo. Bidjè 2019-20 Eta a atribiye 110 milyon dola pou inisyativ sa a.

Travay Ete pou Jèn lan

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke eta pral bay 44 milyon dola pou sipòte Pwogram Travay Ete pou Jèn lan ke yo administre atravè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a. Pwogram lan entwodui jèn ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo a mache travay la pou yo ka devlope konpetans itil ki pral ede yo amelyore pèfòmans yo nan lekòl yo epi grandi vin adilt responsab. Y ap itilize finansman eta a ap bay pwogram lan pou yo sibvansyone salè yo peye jèn ki elijib yo epi sipòte aktivite edikasyon ak fòmasyon yo. Anplis de sa, yo itilize fon yo pou sèvis konsèy sikolojik ak anplwa, tankou transpò pou yo ale-soti nan travay ak fòmasyon pwofesyonèl. Bidjè eta a ane sa a ranfòse finansman pwogram lan avèk plis pase 4 milyon dola, pou yo ka konte pou ogmantasyon nan salè minimòm lan epi asire yo anplwaye menm kantite jèn tankou avan.

Patisipan yo travay nan djòb yo kòm debitan nan kote tankou pak yo, mezon retrèt yo, kan dete yo, òganizasyon gadri timoun yo, sant pou granmoun aje yo, ak sant lwazi kominotè yo, pami lòt ankò. Pwogram lan ap ouvri pou jèn ki nan laj ant 14 a 20 tan ki soti nan fwaye ki gen yon revni ki mwens pase 200 pousan nivo povrete federal la, oswa 41,560 dola pou yon fanmi ki gen twa moun. Jèn ki enskri nan pwogram lan yo ap resevwa omwen salè minimòm New York la, ke yo ogmante ane sa a rive 15 dola alè nan Vil New York; 12 dola alè nan konte Nassau, Suffolk ak Westchester; ak 11.10 dola alè pou rès eta a.

OTDA bay depatman sèvis sosyal konte yo toupatou atravè eta a yo finansman pou Pwogram Travay Ete pou Jèn lan. Jèn ki enterese patisipe nan pwogram lan dwe kontakte depatman sèvis sosyal konte yo a. W ap jwenn plis enfòmasyon la: <http://otda.ny.gov/workingfamilies/dss.asp>

Ane pase, yo te anplwaye apeprè 19,000 jèn ki soti nan fwaye ki gen revni fèb yo atravè pwogram lan. OTDA te distribiye plis pase 40 milyon dola bay tout 57 konte yo ak Vil New York pou ede konekte jèn yo ak djòb. Pwogram lan te deja bay plis pase 273 milyon dola nan finansman depi 2011 epi li te bay anviwon 159,000 djòb pou jèn yo.

Ou ka jwenn yon lis kantite finansman pou ane 2019 la yo repati dapre konte yo [isit la](#).

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare. "Li vrèman fòmidad pou nou wè anpil patnè konsa mete ansanm pou rann transfòmasyon Pak Eta Roberto Clemente a vin

yon reyalite. Rezilta final la se koupe souf. Sa pa t ap ka fèt san vizyon Gouvènè a ak manda li genyen pou l aji avèk odasite epi pote bon rezilta pou moun New York yo".

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la, Mike Hein, te deklare, "Eksperyans mache travay ki konstiktif ka ofri avantaj inestimab pou jèn ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo, paske plizyè ladan yo souvan konfwonte yon tranzisyon difisil pou yo antre nan mendèv la oswa nan enstiti edikasyon siperyè yo. Pwogram Travay Ete pou Jèn lan se yon resous enpòtan jèn yo ka itilize pou yo gen eksperyans sa a epi itilize l pou yo enfliyans avni yo nan fason pozitif".

Emily Thompson, ki se Avoka Jeneral Pwovizwa ak Ofisye Prensipal pou Relasyon Ekstèn yo nan Biwo pou Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR), te deklare, "Gras a investisman enkwayab k ap fèt nan Pak Eta Roberto Clemente a, nou te pran mezi pou nou asire ke espas piblik adore sa a rete disponib ak aksesib pou kominote Morris Heights la nan yon mond apre tanpèt Sandy a. Youn pa youn, pwojè tankou pwojè sa a ap transfòme New York pou l vin yon pi bon eta ki pi solid. GOSR fyè pou nou defann modènizasyon rezistans ki pral pi byen pwoteje pak la pandan l ap kontinye akeyi ak enspire vizitè yo ki soti nan Bronx ak pi lwen toujou".

"Pak yo se yon resous kominotè inestimab epi yo ka jwe yon wòl enpòtan nan ane fòmativ yon timoun, espesyalman si yo ofri yo etablisman espòtif ke kèk nan fanmi yo pa t ap ka jwenn aksè a yo nan yon lòt fason. Yon investisman pou revitalize Pak Eta Roberto Clemente a se yon investisman nan avni timoun nou yo ak yon investisman pou nou kontinye onore eritaj lejann bezbòl Roberto Clemente te kite a. Mwen remèsye Gouvènè a yon lòt fwa ankò paske l chwazi investi nan byennèt timoun nou yo", **Reprezantan José Serrano te deklare.**

"Nou pap janm bliye Roberto Clemente pou eksplwa l te akonpli sou tèren an yo ak èd li te bay pèp Nicaragua", **Reprezantan Adriano Espaillat te deklare.** "Pak Eta Roberto Clemente a rete yon resous remakab pou kominote nou an, ki gen ladan timoun ki jwe sou tèren yo epi ki gen aspirasyon pou yo swiv egzanp Roberto Clemente pou yo vin atlèt pwofesyonèl tou. M ap aplodi Gouvènè Cuomo paske l ap sekirize yon bèl avni pou pak sa a pou jenerasyon k ap vini yo kapab jwi tout sa li gen pou l ofri yo."

Senatè José Serrano te deklare, "Transfòmasyon ekstraòdinè a ak amelyorasyon rezistans yo byen bezwen yo pral asire ke rezidan Bronx yo ka kontinye jwi Pak Eta Roberto Clemente a pandan anpil ane k ap vini ankò. Pak Eta nou yo ofri opòtinite lwazi ak edikasyonèl eksepsyonèl, epi renovasyon sa yo pral amelyore eksperyans vizitè a epi fè pak la vin pi akeyan, pandan y ap pwoteje l kont katastwòf natirèl potansyèl yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak angajman l pran anvè Pak Eta yo ak amelyorasyon kalite lavi moun nan Bronx yo".

Manm Asanble Carmen De La Rosa te deklare, "Mwen ta renmen felisite angajman Gouvènè Cuomo pran pou l investi nan reyabilitasyon pak eta yo ak patnè yo ki te ede finans pwojè sa a. Pak Eta Roberto Clemente a sèvi non sèlman Bronx, men tou kominote avwazinan yo nan Nò Manhattan ki sèlman kèk arè de aktivite lwazi yo ak pakèt opsyon li ofri yo. Pak yo esansyèl pou devlopman sekirite ak sanite jèn nou yo espesyalman nan mwa ete yo lè yo an vakans epi yo bezwen pwogram vital k ap

pwomouvwa opòtinite anlwa gras a ekspozisyon a senaryo nan mond reyèl k ap agrandi konpetans pratik yo pou mendèv la. Li sèlman jis pou nou sipòte yon revni tanporè adisyonèl pou n sèvi fanmi ki gen revni fèb yo. Nou kontinye mete fanmi yo an premye priorite nan efò n ap fè yo epi li gratifyan pou nou fè pak sa ki renove a vin yon bò rivaj dlo ki pi sekirite, nouvo tèren modènize, ak yon pòtay modèn ki konplètman renove pou vin nan pak la jis avan Ete a pou rezidan Morris Heights yo ak vizite avwazinan yo k ap atann yon ete sekirite, jwaye ak rekreyasyonèl".

"Fanmi toupatou nan kominote a yo ap benefisye de investisman ekstraòdinè k ap fèt nan Pak Eta Roberto Clemente a", **Manm Asanble Latoya Joyner te deklare.**

"Angajman 100 milyon dola sa a te gen ladan renovasyon konplè pisin ak espas akwatik la, amelyore panorama ki bay sou Rivyè Hudson lan, agrandi aksè a dlo navigab la ak ranfòse rezistans Bronx an repons a defi anviwònmanal yo. Mwen apresye angajman Gouvènè Cuomo pran anvè Pak Eta Roberto Clemente a epi mwen remèsye l pou investisman enpòtan l ap fè nan kominote mwen an".

"Mwen felisite gouvènè a pou efò l ap fè pou ofri finansman ki pral non sèlman mentni ak prezève Pak Eta Roberto Clemente a, men tou k ap pèmèt gen plis aktivite lwazi ke tout Nouyòkè ka benefisye de yo", **Manm Asanble Victor M. Pichardo te di.** "Mwen vle remèsye Gouvènè a paske l ap ogmante finansman pou Pwogram Dete pou Jèn Eta New York yo, ki pral ofri jèn ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo opòtinite anlwa."

Prezidan Minisipalite Bronx lan, Ruben Diaz Jr. te deklare, "Nouvo Pak Eta Roberto Clemente yo fenk transfòme a se yon bèl kado pou kominote nou an, epi mwen fyè paske mwen te atribiye 2.5 milyon dola nan pwòp bidjè kapital mwen anvè renovasyon sa a. Gras a travay di Gouvènè Cuomo te fè a, nou gen yon nouvo espas amelyore kote timoun yo ak fanmi yo ka rasanble ansanm pou aktivite espòtif ak pase tan presye ansanm nan yon bèl milye isit la menm nan Bronx. Mwen paka tann tou pou ete a ak kòmansman Pwogram Dete pou Jèn lan, ke Gouvènè te bay plis finansman pou ka bay timoun yo djòb pandan ete a".

Manm Konsèy Minisipal Vil New York, Vanessa Gibson, te deklare, "Gouvènè Cuomo te toujou yon trè bon zanmi pou Bronx. Pak Eta Roberto Clemente yo reyamenaje a non sèlman bèl, men tou se yon espas kominotè. Kòm yon omaj a Roberto Clemente, nouvo tèren bezbòl yo pral bay chak timoun ki soti nan Bronx yo yon chans pou yo aprann leson presye tankou travay an ekip ak pèsèverans ke bezbòl aprann yo. Finansman yo ogmante nan Pwogram Dete pou Jèn lan pral asire tou ke chak timoun gen yon chans pou yo jwenn yon djòb. Mwen vle remèsye Gouvènè a pou angajman l pran ak investisman l ap fè nan timoun ak fanmi nan Bronx yo ki pral dire pandan anpil jenerasyon k ap vini ankò".

Nan kad yon [investisman radikal 19 milyon dola](#) k ap fèt pou amelyore opòtinite pou jèn Bronx lan yo, Gouvènè Cuomo te anonse 8 milyon dola tou pou fè amelyorasyon alavni pou sipòte pwogramasyon ak etablisman ki la pou jèn yo. Travay la pral gen ladan renovasyon jimnaz ki la kounye a epi ki deteryore a pou l vin tounen yon konplèks espòtif ki gen yon tèren baskèt ki repare pou lig baskèt lokal ke yo fenk kreye a, nouvo sant espòtif ki gen ekipman pwa lou, ekipman miskilasyon ak ekipman fòm fizik, ak sal klas miltifonksyon yo amelyore epi agrandi pou bay elèv leson, jwe jwèt echèk ak fè espò, plis amelyorasyon nan tèren bezbòl/sòfbòl, ak yon nouvo lakou rekreyasyon.

Pak Eta Roberto Clemente a se yon pak anviwon 10 ekta ki bò rivaj dlo olon Rivyè Harlem lan nan Bronx, k ap atire plis pase 1 milyon vizitè pa ane. Pak la ofri yon bann varyete aktivite lwazi ak kiltirèl pandan tout ane a pou jèn, adilt, granmoun aje yo ak moun ki gen mobilite redui yo. Enstalasyon yo gen ladan yon konplèks pisin olenpik, tèren boul, tèren baskèt, zòn piknik, lakou rekreyasyon ak yon espas bò rivaj dlo a pou moun mache apye.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)